

Angajman Paran ak
Fanmi Tit I
yo
Lekòl Piblik nan Kanton Polk la



Lekòl Piblik TIT I nan Depatman Polk la 2016-2017

Lekòl Segondè Lake Region Pake Kontra Lekòl pou Aprantisaj



Pwogram Patisipasyon Paran Tit I nan Distri a ak nan Lekòl nan Depatman Polk la ap fè tout sa l kapab pou **BATI BON JAN RELASYON** nan lide pou kreye angajman fanmi reyèl pou **chak** timoun, **chak** fanmi, **chak** pwofesè, **chak** jou.

Pake kontra sa a ensiste sou kouman paran yo, tout ekip lekòl la ak elèv yo pral pataje responsablite pou amelyore siksè akademik elèv yo. Nan koneksyon aprantisaj la, lekòl la ak paran yo pral bati e devlope yon relasyon k'ap ede elèv nou yo atenn kondisyon wo nivo Eta Florid fikse pou ane lekòl la.

Nou pral sipòte aprantisaj la nan dfason sa yo	Responsablite Ekip Lekòl la	Responsablite Paran yo	Responsablite Elèv yo
Nivo Akademik Elve	Mete enstriksyon kalite siperyè nan yon espas sipòtif nan itilize gid enstriksyon distri a ki chita sou kritè lekòl Florid yo.	Fikse atant ki wo pou pitit ou chak jou pandan w'ap sipòte rigè enstriksyon an ak sa yo egzijè nan pwogram nan. Ankouraje pitit ou pou l pwofite materyèl aprantisaj yo mete disponib yo lè sa nesèsè.	Travay pou w rive nan nan siksè akademik nan vini nan tout kou yo. Pran responsablite pwòp edikasyon w e fason li sipòte objektif ou genyen nan lavi a. Montre konduitm kòrèk ak atitud pozitif.
Kontwòl pwogrè Elèv yo	Mete Pinnacle la ajou chak semèn e bay paran yo rapò sou pwogrè pitit yo ap fè nan kou yo. Itilize done yo pou w varye enstriksyon yo pou siksè elèv yo.	Ensiste pou pitit ou konnen kouman sa enpòtan pou l fè meyè jefò li chak jou. Itilize sit Pòtay Paran yo regilyèman pou w kontwole pwogrè pitit ou; kontakte pwofesè pitit ou/konseye lekòl li davans si w gen enkyetid.	Swiv pwòp pwogrè w nan itilize sit Pòtay Elèv la. Lè w absan, pran responsablite w pou w fè devwa ratrapaj yo. Fè meyè sa w kapab nan chak devwa. Chache èd nan kou yo lè w gen keksyon oswa lè w an difikilte.
Bon Jan Rapò Patisipasyon	Devlop rapò pozitif ak elèv yo nan sipòte divès kalite aktivite e nan patisipe nan aktivite lekòl la ap sipòte nenpòt lè sa posib. Patisipe nan sipò teknoloji tankou nan Remind 101, nan Journal Lekòl la.	Rete enfòmè e patisipe nan edikasyon pitit ou. Fè pati komite SAC/Konsèy Komite Lekòl la; fè pati Komite Patisipasyon Paran nou an. Travay kòm volontè nan aktivite lekòl la ap òganize yo lè sa posib. Kenbe	Planifye pou yon avni ki gen siksè nan patisipe jan w kapab nan anpil aktivite nan etablisman lekòl la. Pran kontwòl eksperyans ou fè lekòl segondè yo. Fè diferans nan lekòl LRHS!
Kominikasyon Rete Enfòmè	Devlop rapò pozitif nan kominike regilyèman ak paran yo konsènan pwogrè pitit yo. Patisipe nan devlopman pwofesyonèl ki sou pye yo nan lide pou w atenn meyè pratik nan sal klas yo.	Kominike ak pwofesè e/oswa konseye lekòl pitit ou regilyèman. Vizite sit entènèt LRHS la regilyèman pou jwenn nouvèl ak enfòmasyon. Vini nan reyinyon paran yo Tit I patwone nan mwa oktòb, novanm ak janvyè.	Koute tout avi yo. Remèt paan w oswa responsab ou tout avi ak fèy piblisite lekòl la voye yo. Ou dwe okouran sous a lekòl la egzijè pou gradyasyon e ki sa ou toujou poko genyen.
Espas Aprantisaj	Kreye yon espas aprantisaj ki gen sekirite, sipòtif pandan w angaje elèv yo nan eksperyans aprantisaj reyèl.	Angaje pitit ou chak jou nan konvèsasyon sou kou yo nan lekòl la. Ankouraje pitit ou pou l fè meyè jefò li kapab chak jou. Sipòte jan pitit ou ap grandi nan lekòl la nan fè pitit ou li pandan 20 minit chak jou.	Respekte tèt ou, administrasyon lekòl ou, pwofesè w y oak kamarad ou nan sa w'ap di e nan aksyon w yo. Vin lekòl ak yon atitud pozitif dispoze pou w aprann.

Vizite sit entènèt WWW.POLK-FL.NET pou enfòmasyon enpòtan:

Sit PARENT PORTAL: www.polk-fl.net/parents/parentportal.htm

POU VOLONTÈ: www.polk-fl.net/community/volunteers.

SANT PARAN YO: www.polk-fl.net/parents/involvement/parc.htm

INIVÈSITE PARAN AN: www.polk-fl.net/parents/involvement/plug.htm

KONDISYON LEKÒL FLORID YO: <https://flstandards.org>

EGZAMEN: www.polk-fl.net/parents/testing.

Aplikasyon pou manje nan ba pri/manje gratis: www.polk-fl.net oswa rele nan 534-0588

Tanpri vizite sit entènèt lekòl nou an pou plis enfòmasyon, tankou pwogram ak enstriksyon; dat egzamen; enfòmasyon sou jan pou w kontakte ekip lekòl la; materyèl sipò Tit I ak lòt dat enpòtan ankò.
www.lakeregionthunder.com

Si w pa gen aksè nan sit entènèt nou an, tanpri pase nan biwo lekòl la kote w'ap jwenn enfòmasyon ekri. 863-297-3099

Paraf:

Paran _____

Elèv _____

Pwofesè _____

